



Pou Piblikasyon Imedya: 17/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ A ANONSE OUVÈTI YON SANT INOVASYON NAN DOMÈN JENI NAN SUNY NEW PALTZ

*Nouvo etablisman dènye kri sa a pral ranfòse pwogram jeni inivèsite a epi bay ekonomi Mid-Hudson Valley a jarèt*

*Yo prevwa pwojè a pral soutni kreyasyon 195 djòb aplentan epi pote plis pase 75 milyon dola nan ekonomi an*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ouvèti Sant Inovasyon nan Domèn Jeni SUNY New Paltz la, yon sant ki pral prezante nouvo pwogram diplòm lisans nan jeni mekanik inivèsite a epi pèmèt kanpis la divèsifye pwogram jeni li genyen k ap devlope deplizanpli pi rapid la. Yo te òganize yon seremoni koupe riban pou selebre ouvèti a. Etablisman akademik ki mezire 19,500 pye kare a pral sèvi tou kòm lokal pou Sant fabrikasyon aditif Hudson Valley a ak pwogram konsepsyon ak enpresyon 3D inivèsite a.

"Jodi a, ouvèti Sant Inovasyon nan Domèn Jeni SUNY New Paltz la se yon lòt bèl egzanp ankò ki montre devlopman sektè teknoloji modèn nou an nan Mid-Hudson Valley ki pral pote djòb ak akwasman ekonomik nan tout rejyon an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou pral kontinye travay nan tèt kole ak enstitisyon ansèyman siperyè ak lidè endistri yo pou konkretize vizyon sa yo yon fason pou enspire tou nouvo jenerasyon inovatè nan New York yo."

"Nouvo etablisman jeni sa ki nan SUNY New Paltz la pral plis devlope pwogram ak òf inovatè yo nan inivèsite a," **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Sant inovasyon nan domèn jeni an pral agrandi pwogram jeni an nan fakilte a pou asire yo etidyan yo resevwa fòmasyon pou travay teknoloji modèn yo alavni. Sant lan ap soutni tou kreyasyon anviwon 195 djòb aplentan epi pote plizyè milyon dola nan ekonomi New Paltz la ak nan tout rejyon an. Pwojè sa a se yon eleman nan efò nou ap fè pou avansman fabrikasyon, kreyasyon nouvo opòtinite ak ranfòsman ekonomi an."

Yo te finanse imèb modèn lan gras a yon sibvansyon 10 milyon dola ki soti nan pwogram sibvansyon NYSUNY 2020 Gouvènè a, ki sipòte plan pou amelyore devlopman ekonomik toupatou atravè New York. Yo te akòde SUNY New Paltz 1 milyon dola tou atravè Aplikasyon pou Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application) Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council) Mid-Hudson Gouvènè an.

Pwojè a ap ajoute sou eritaj pwogram jeni yo nan SUNY New Paltz ki te kòmanse an 1984, lè Gouvènè Mario Cuomo te sipòte kreyasyon yon pwogram jeni premye sik naninivèsite a.

Konstriksyon Sant inovasyon nan domèn jeni an te kòmanse nan sezon otòn 2017 la. Nan kad objektif dirab inivèsite a, imèb la fèt yon fason pou l reponn a egzijans Lidèchip nan Enèji ak Konsepsyon Anviwònmanal (Leadership in Energy & Environmental Design, LEED) pou li sètifye Ajan daprè Konsèy Konstriksyon Ekolojik Etazini an.

Pandan 10 pwochen ane yo, etablisman an prevwa soutni kreyasyon 195 djòb aplentan ak yon enpak ekonomik plis pase 75 milyon dola ototal.

**Rektris SUNY an, Kristina M. Johnson te deklare,** "Ouvèti Sant inovasyon nan domèn jeni an demontre lidèchip SUNY New Paltz kòm yon tèren fòmasyon pou pwochen jenerasyon enjenyè ak lòt pwofesyonèl teknoloji modèn yo ansanm ak yon motè pou kwasans ekonomik tou. Nou gen anpil rekonesans anvè Gouvènè Cuomo pou sipò jenere li te bay pwojè enpòtan sa e mwen paka tann pou kolaborasyon inovatif k ap genyen ant inivèsite a ak endistri jeni ak fabrikasyon materyèl aditiv reyon an".

**Prezidan SUNY New Paltz la, Donald P. Christian te deklare,** "Nan Sant inovasyon nan domèn jeni an gen yon seri ekipman avanse pou kore etidyan ak pwofesè nou yo ansanm ak travay konpayi k ap fè patenarya ak inivèsite a pa mwayen konsepsyon ak enpresyon 3D a. Envestisman sa a pral pote yon enpak ekonomik rejyonal ki plis pase 75 milyon dola ak anviwon 195 djòb sou dis lane. Nan non inivèsitea, mwen remèsye Gouvènè a ak ekip li a ak tout kè m paske li te rekonèt valè pwojè sa a".

**Senatè Jen Metzger te deklare,** "Inivèsite Eta New York nan New Paltz toujou ap kontinye devlope pou l ka rete konpetitif gras a bon kalite ansèyman nan lèt, syans sosyal ak syans zimèn yo ak ansèyman STEM y ap ofri pou prepare etidyan yo pou lavni. Sant inovasyon nan domèn jeni an se yon nouvo etablisman ki pral jwe yon wòl kle nan objektif li genyen pou li bay etidyan yo kapasite pou yo vin kontribitè ki efikas ak kolaboratif nan kominote rejyonal, eta a epi mond lan".

**Manm Asanble Kevin A. Cahill, ki te gradye nan pwomosyon SUNY New Paltz pou ane 77 la te deklare,** "Nan lane 1977, pati syans kanpis la te nan kèk nan bilding ki pi ansyen yo, e li pa te vrèman yon priyorite. Sa a se yon objektif. Nouvo etablisman sa a se yon demonstrasyon yon konpreyansyon sou ki kote nou ye nan 21yèm syèk la, ak ki kote nou dwe ale pou n atire, edike, angaje, eklere epi enspire nouvo jenerasyon moun ki pral fè mond nou an vin yon pi bon kote".

**Chèf Egzekitif Konte Ulster a, Pat Ryan te deklare,** "Nouvo SANT jeni nan SUNY New Paltz la se yon modèl pafè ki montre fason kolaborasyon ant ansèyman siperyè, lidè lokal yo ak endistri a kapab pote rezilta konkrè ki pral itil anpil moun nan kominote nou an. Mwen felisite Gouvènè a yon lòt fwa ankò paske l respekte pwomès li te fè SUNY New Paltz ak tout rejyon nou an".

**Enfòmasyon sou State University of New York**

State University of New York la se pi gran sistèm ansèyman siperyè konplè nan peyi Etazini, ak 64 kanpis kolèj ak inivèsite ki sitiye nan anviwon 48 kilomèt chak kay, lekòl ak biznis nan eta a. Apati otòn 2018, gen plis pase 424,000 etidyan ki te enskri nan yon pwogram diplòm nan yon kanpis SUNY. Otòtal, SUNY te sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan kou ak pwogram, edikasyon kontini ak pwogram sansibilizasyon kominotè ki gen kredi inivèsite yo pandan ane akademik 2017-18 la. SUNY sipèvize prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Etidyan ak pwofesè inivèsite li yo pote yon gwo kontribisyon nan rechèch ak dekouvèt, sa k ap kontribye nan yon pòtfolyo rechèch ki vo 1.6 milya dola. Genyen 3 milyon ansyen etidyan SUNY nan lemond epi youn nan chak twa moun nan New York ki genyen yon diplòm inivèsite se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite [www.suny.edu](http://www.suny.edu).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)